


**Kòman pou Teste  
Medikaman ou yo**

**Pandan w ap  
sèvi ak ti bagèt  
tès Xylazine**



# Kisa ki yon Xylazine?

Xylazine, yo rele li souvan "trankilizan", se yon kalman pou bêt ki ka lakòz apèzman ekstrèm kay moun, sa ki ogmante risk pou yo fè yon ovèdoz. Se pa yon opyoyid men li souvan asosye ak fentanyl (yon opyoyid sentetik pwisan) nan chèn apwovizyònman medikaman Vil New York. Xylazine ka lakòz blesi grav sou po, menm si li pa sou fòm piki, ki ka difisil pou trete.



**Ilustrasyon ti bagèt tès ak anbalaj**

# Kòman pou mwen teste medikaman mwen yo pou xylazine?

Fason ki pi egzak pou konnen si medikaman ou yo genyen xylazine se teste tout medikaman ou planifye pou pran yo ak yon ti bagèt tès xylazine, paske xylazine pa toujou melanje menm jan. Ti bagèt tès yo ka fè w konnen si medikaman w yo genyen xylazine men li yo p ap di w ki kantite oswa ki fòs li genyen.


## 1.

Mete omwen 10 miligram (mg) nan medikaman w lan (ase pou kouvri cheve Abraham Lincoln sou yon pyès lajan) nan yon vèso ki pwòp epi ki sèk (tankou yon tas mezirèt) oswa yon mikwoskòp plastik.


- Si ou pa ka teste 10 mg nan medikaman ou yo, mete omwen kèk gress nan yon vesò ki pwòp epi ki sèk. Ou kapab tou mete medikaman ou yo nan yon sak plastik, souke sak la pou melanje yo, vide sak la, epi ajoute dlo nan rès medikaman ki rete a epi fè tès la.

## 2.

Ajoute 5 mililit (1 ti kiyè) dlo pou chak 10 mg medikaman epi brase li.



## 3.



Mete ti bagèt la yon fason pou sifas ki gen vag la ap montre anba an kontak ak dlo a. Kite ti bagèt la absòbe dlo a pou 15 segonn.

Retire ti bagèt la nan dlo a epi mete li sou yon sifas ki plat pou senk (5) minit anvan ou li rezilta yo. Asire w ou li rezilta yo nan dis (10) aprè w fin retire ti bagèt la nan dlo a.

Si ou genyen tou yon ti bagèt tès fentanyl, ou ka teste medikaman ou yo pou fentanyl ak xylazine ak menm echantyon an.

## Kisa rezilta tès yo vle di?



Yon liy koresponn ak yon **tès pozitif**, ki vle di yo te detekte xylazine nan medikaman ou yo. Gade "Kisa mwen ta dwe fè si mwen jwenn yon rezilta pozitif oswa si mwen panse medikaman mwen yo gen xylazine?" pou jwenn konsèy.



De (2) liy (menm si dezyèm liy la trè fèb) koresponn ak yon tès **negatif**, ki vle di yo **pa** te detekte xylazine nan medikaman ou yo. Sepandan, pa gen okenn tès ki egzat nèt, kidonk pran prekosyon epi adopte pratik rediksyon risk (gade "Kisa mwen ka fè pou diminye risk pou mwen fè yon ovèdoz?" nan do feyè sa a) si w ap pran medikaman.



Okenn liy oswa yon sèl liy ki pi prè bò sifas ti bagèt ki gen vag la endike yon **tès ki pa valab**. Teste ankò medikaman ou yo ak yon nouvo ti bagèt, si sa disponib.

Gen kèk kondisyon ki ka ogmante chans pou w jwenn yon rezulta ki fo. Pou egzanp, kèk sibstans, tankou lidokayin, ka ba ou yon fo rezulta pozitif, menm si medikaman ou yo pa gen xylazine. Si w gen kesyon sou rezulta yo, pote medikaman w yo nan yon sant tès oswa voye yon imèl bay **drugchecking@health.nyc.gov**. Pou jwenn yon lis sant yo, rele **311** oswa vizite [nyc.gov/alcoholanddrugs](http://nyc.gov/alcoholanddrugs).

Kisa mwen ta dwe fè si rezulta tès la pozitif oswa si mwen panse medikaman mwen yo gen xylazine?

- Pa pran medikaman yo, sitou si w poukont ou oswa nan yon andwa ki ta ka danjere pou w rete san konesans pou yon peryòd tan ki long.
- Pote yo nan yon sant prevansyon ovèdoz pou ka pran yo anba sipèvizon medikal.
- Si ou gen blesi sou po w epi ou kontinye ap sèvi ak xylazine, li ka fè yo vin pi mal. Pa sèvi ak xylazine pou blesi a ka geri. Si w gen blesi ki pa amelyore oswa ki pa geri, pale ak founisè swen sante w la. Pou èd pou jwenn yon founisè, rele nan **311** oswa 844-692-4692.

# Kikote mwen ka jwenn ti bagèt tès xylazine?

Ou ka kòmande ti bagèt tès xylazine pou itilizasyon pèsonèl ou sou entènèt nan men fabrikan yo, enkli gratis nan Rezo MATTERS la nan adrès [mattersnetwork.org/request-test-strips](http://mattersnetwork.org/request-test-strips).

## Kisa mwen ka fè pou diminye risk pou mwen fè yon ovèdoz?

- Evite pran medikaman yo pou kont ou epi pataje responsabilite a ak lòt moun.
  - Si w gen entansyon pran medikaman yo poukонт ou, rele liy asistans telefonik Pa Janm Pran l Poukont ou (Never Use Alone) nan 877-696-1996 anvan w pran yo. Operatè ki gen eksperyans sa yo ka bay siveyans sekirite pa telefòn, 24/7 — san pote jjiman.
- Mande yon moun ou fè konfyans pou tcheke sou ou regilyèman.
- Ale dousman pandan w ap pran ti kantite.
- Evite melanje medikaman yo.
- Asire w ou gen naloxone — yon medikaman ki ka ranvèse yon sidozaj opyoyid — touprè ou. Pou konnen ki kote pou jwenn naloxone, rele **311** oswa vizite **nyc.gov/naloxone**.



Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite **nyc.gov/alcoholanddrugs**.